# SPARC
## *Patenarya edikasyon espesyal pou pwogram rezolisyon amikal konfli*
# *Fasilitasyon reyinyon IEP*

## Konsènan fasilitasyon pou reyinyon IEP SPARC la

Fasilitasyon reyinyon IEP a vin nan yon ti bout tan estrateji ki pi rekoni pou amelyore efikasite reyinyon IEP yo.

Reyinyon IEP ki fasilite...

- Pèmèt manm yo konsantre sou edikasyon elèv la nan yon fason ki kolaboratif ak respektye.
- Kreye yon anviwònman dyalòg louvri, ki konpreyansif e ki kreye konfyans pami tout manm yo nan ekip la.
- Asire patisipasyon ekilibre ak priz desizyon pataje pou rive atenn desizyon ki nan pi bon enterè elèv la.

## Demann enfòmasyon yo gratis e konfidansyèl.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte biwo nou an.**


**Pwogram Rezolisyon Konfli**
**Enstiti pou Administrasyon Piblik**
**Telefòn: 302-831-8158**
**Imèl: sparc-info@udel.edu**
**www.bidenschool.udel.edu/ipa/serving-delaware/crp/sparc**


UNIVERSITY OF DELAWARE

*SPARC*

*Patenarya edikasyon espesyal pou pwogram rezolisyon amikal konfli*

# *Fasilitasyon reyinyon IEP*

## Kijan yon reyinyon ki fasilite fonksyone?

1. Yon fasilitatè SPARC ap pale ak tou de pati yo pou tande preyokipasyon yo, eksplike yo pwosesis fasilitasyon an epi reponn kesyon yo.
2. Si tout pati yo dispoze pou patisipe, fasilitatè a ap kreye yon ajanda pou reyinyon an ka konsidere tout preyokipasyon yo.
3. Pandan reyinyon an, fasilitatè a jere pwosesis rankont la pou ekip la ka konsantre sou bezwen elèv la.
4. Patisipan yo kontwole ak kreye rezilta reyinyon IEP a. Fasilitatè a pa pran pati pri.
5. Si reyinyon an pa fini nan yon antant, pati yo ka pouswiv lòt fason pou rezoud oswa egzèse garanti pwosedi yo.

Fasilitatè a pa yon manm ekip IEP a oswa avoka okenn moun nan ekip la.

**Fasilitatè a se yon moun endepandan san pati pri pou pwosesis reyinyon ekip IEP a.**

UNIVERSITY OF DELAWARE